NEWTON HOUSING AUTHORITY
82 Lincoln Street
Newton Highlands, MA 02461

Tel: (617) 552-5501
Faks: (617) 964-8387
TD: (617) 332-3802

Chè Kandida,

Mèsi paske w demontre enterè nan lis atant Pwogram Jesyon Otorite Lojman Newton nan. Li sa a gen ladan apatman abòdab nan Vil Newton nan. Pwopriyete yo gen apataman ki gen Yon Sèl Chanm Akouche (SRO), estidyo, ak apataman youn, de, twa, ak kat chak akouche disponib. Limit lokasyon ak revni gendwa varye selon pwopriye yo.

Pou w aplike pou lojman, tanpri reponn tout kesyon ki nan aplikasyon an. Pi ba a w ap jwenn enstriksyon pou ede w reponn kèk nan kesyon yo:

Kesyon 3: Verifye si w enterese nan aplike pou lojman ki sibvansyone oswa lojman ki pa sibvansyone (ou gendwa chwazi toude oswa youn ladan yo).

- Lojman ki sibvansyone vle di yon apatman gen yon koupon yo bay kòm pwojè sibvansyon. Si w lwe yon apatman ki sibvansyone, lwaye a ap 30% nan revni mansyèl ou. Limit revni pou lojman ki sibvansyone se 50% Revni Mwayèn Zòn nan (AMI).

- Lojman ki pa sibvansyone vle di apatman an gen yon lwaye ki fikse ki pa baze sou revni. Yo gendwa ajiste lwaye a chak ane. Lwaye nan yon apatman ki pa sibvansyone varye pa pwopriyete ak kantite chanm akouche nan apatman an. Si w gen yon koupon Seksyon 8 ki mobil, ou kapab itilize nan yon apatman ki pa sibvansyone.

Kesyon 5: Konbyen chanm akouche ou panse w bezwen? (Nòt: Ou gendwa chwazi plis pase yon opsyon).

- Kay ki gen Yon Sèl Chanm Akouche (SRO) fòme ak yon chanm akouche e yon saldeben. Salon an ak kizin nan pataje avèk lòt moun ki abite nan bilding nan. Se yon sèl moun ki gendwa abite nan yon kay SRO.
- Ou gendwa chwazi plis pase yon opsyon. Pa egzanp, si genyen 3 moun nan fanmi w, ou kapab aplike pou yon apatman 2 chanm akouche oswa 3 chanm akouche.

Si w gen nenpòt kesyon oswa w bezwen èd pou w ranpli aplikasyon w nan, tanpri kontakte Otorite Lojman Newton nan 617-552-5501.

NEWTON HOUSING AUTHORITY
82 Lincoln Street
Newton Highlands, MA 02461

Telefòn: (617) 552-5501
Faks: (617) 964-8387
TDD: (617) 332-3802

Aplikasyon pou Mande Lojman nan Pwogram Jesyon an

Yo dwe konplete enfòmasyon ki vin apre a pou chak moun ki pral abite nan kay la. Tanpri ranpli tout espas vid yo. Si sa pa aplikab, tanpri ekri N/A. Nou p ap trete aplikasyon ki enkonplè.

1. **Enfòmasyon sou Kandida a:**

   Non Kandida a: _____

   Adrès Aktyèl: _____

   Site/Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

   Telefòn Lakay: _____ Telefòn Mobil: _____

   Adrès Imèl: _____

   Adrès Postal (Konplete l si l diferan de sa ki anwo a):

   _____

   Site/Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

2. Èske w gen yon koupon lojman nan moman an (Koupon Chwa Lojman – Seksyon Federal 8/ Pwogram Koupon Lokasyon Massachusetts (MRVP)?

   □ Wi □ Non

3. Tcheke si w enterese nan aplike pou lojman sibvansyone oswa lojman ki pa sibvansyone (ou gendwa chwazi toude oswa youn nan yo). *Tanpri gade nan paj kouvèti demann nan.*

   □ Lojman ki sibvansyone □ Lojman ki pa sibvansyone

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

4. **Konpozisyon Manm nan Kay la:**

	Non	Sa l ye pou Chèf Kay la	Dat Nesans	Èske w andikape? (Wi/Non)	# Sekirite Sosyal	Okipasyon (Ap travay, nan retrèt, elèv aplentan, lòt)
1.		Chèf Kay la				
2.						
3.						
4.						
5.						
6.						

5. **Konbyen chanm akouche w panse w bezwen?** *(Nòt: Ou gendwa chwazi plis pase yon opsyon.)*
   ☐ **SRO** ☐ **Estidyo** ☐**1** ☐ **2** ☐ **3** ☐ **4**

6. **Ki ras ak/oswa gwoup etnik ou?** *(Nòt: Se pa yon obligasyon pou ranpli pati sa a. Y ap itilize enfòmasyon an sèlman pou pwogram lojman ki jis jan lwa federal ak leta egzije sa a.)*

   Tanpri tcheke tout sa ki aplike yo:

   ☐ Blan ☐ Nwa/Afriken Ameriken ☐ Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska

   ☐ Azyatik ☐ Hawaiian Natif Natal/Lòt moun Zile Pasifik

   Etnisite:
   ☐ Ispanik oswa Latino ☐ Pa Ispanik oswa Latino

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

7. **Aranjman Rezonab ak/oswa Apatman ki Aksesib**
   Yo poze kat kesyon ki vin apre yo nan sèl objektif pou bay yo opòtinite egal pou pwofite lojman w nan. Se pa obligasyon pou w reponn yo men si w reponn yo, sa pral ede nou konble bezwen w yo.

   Èske w bezwen yon kay ki konplètman aksesib pou yon moun ki gen andikap pou l deplase?
   □ Wi □ Non

   Remak: Si w sèlman bezwen yon ti apatman nan premye etaj la e li pa oblije aksesib nèt, tanpri reponn "no" isit la e reponn a kesyon ki pi ba a avèk yon "yes" e fè nou konnen nesesite w yo.

   Èske w bezwen sèlman kèk karakteristik aksetisib nan yon ti apatman?
   □ Wi □ Non

   Si wi, tanpri site karakteristik ou bezwen ki pou aksesib yo:
   _____

   Èske w bezwen yon chanm avèk karakteristik espesyal pou yon moun ki pa tande e/oswa ki pa wè?
   □ Wi □ Non

   Does any member of the household have any accessibility or reasonable accommodation requests or alternate ways we need to communicate with you?
   □ Wi □ Non

   Si wi, esplike tanpri: _____

8. **Enfòmasyon sou Revni Ànyèl**
   Ki revni ànyèl TOTAL pou tout manm nan kay la?

   $_____

9. **Enfòmasyon sou Byen yo:**

   Èske nan dènye dizan (10) yo ou te vann yon byen imobilye oswa pwopriyete pèsonèl? ☐ Wi ☐ Non
   Si wi, tanpri bay detay ki vin apre yo:

   Adrès:
   _____
   _____

   Pwopriyete ki Reyèl ☐ oswa Pwopriye Pèsonèl ☐ Dat Transfè a: _____

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

Èske w posede yon byen imobilye nan moman an?

□ **Wi** □ **Non**

Aktif Finansyè:

Tanpri konplete enfòmasyon nan tablo anba a pou TOUT manm ki abite nan kay la.

	Manm ki nan kay la	**Non Enstitisyon Finansyè a**	**Valè Aktif**
☐ Kouran (Checking) ☐ Epay (Savings) ☐ Lòt: _____			
☐ Kouran ☐ Epay ☐ Lòt: _____			
☐ Kouran ☐ Epay ☐ Lòt: _____			
☐ Kouran ☐ Epay ☐ Lòt: _____			
☐ Kouran ☐ Epay ☐ Lòt: _____			
☐ Kouran ☐ Epay ☐ Lòt: _____			
☐ Kouran ☐ Epay ☐ Lòt: _____			

10. Istorik Lokasyon

Tanpri bay adrès rezidansyèl ou pou 2 dènye ane yo ak non, adrès, ak nimewo telefòn yo pou pwopriyetè yo, si sa aplikab.

Pwopriyetè Aktyèl	Non	
	Adrès Pwopriyetè	
	Nimewo Telefòn Pwopriyetè	
	Adrès Ou	
	Dat Ou te Abitè nan Adrès la	

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

Pwopriyetè Anvan	Non	
	Adrès Pwopriyetè	
	Nimewo Telefòn Pwopriyetè	
	Adrès Ou	
	Dat Ou te Abitè nan Adrès la	

11. Sètifikasyon Kandida a:

Pa mwayen sa a, Mwen/Nou menm sètifye mwen/nou ap/p ap kenbe yon lòt apatman a lwe ki sibvansyone nan yon lòt andwa. Pou ale pi lwen Mwen/Nou sètifye sa a se pral sèl rezidan pèmanan mwen/nou. Mwen/Nou konprann kalifikasyon m pou lojman ap baze sou limit revni aplikab e selon kritè chwa jesyon. Mwen/Nou sètifye tout enfòmasyon nan aplikasyon sa a egzak e konplè nan pi bon konesans mwen/nou e mwen/nou konprann si mwen/nou chwazi bay fo deklarasyon oswa enfòmasyon ap jwenn pinisyon lalwa e sa ap lakoz yo anile aplikasyon sa a oswa mete fen nan lwaye a apre n fin abite ladan. Pa mwayen sa a, Mwenm/Nou menm otorize piblikasyon enfòmasyon an anrapò ak yon rechèch kriminèl ak otorizasyon pwopriyetè a. Tout manm nan kay la ki adilt, ki gen pou piti 18 an, dwe siyen aplikasyon an. Pou ale pi lwen, nenpòt chèf, ko chèf, oswa konjwen, ki se yon minè ki pran libète l yon fason legal, dwe siyen anba a tou.

DEKLARASYON SA A FÈT ANBA AKÒ POU GEN PINISYON AK SANKSYON KI BAY SI YO BAY MANTI.

Siyati Chèf Kay la: _____ Dat: _____

Siyati Lòt Manm Fanmi ki Adilt: _____ Dat: _____

Siyati Lòt Manm Fanmi ki Adilt: _____ Dat: _____

Siyati Lòt Manm Fanmi ki Adilt: _____ Dat: _____

AJISTEMAN REZONAB

Yon ajisteman rezonab se yon modifikasyon oswa chanjman nou kapab fè nan apatman oswa pwosesis nou ki pral pèmèt yon lokatè ki andikape ki kalifye pwofite ak itilize lojman ki lwe a. Si ou menm, oswa yon manm nan kay ou, gen yon andikap e sa lakoz nou bezwen yon ajisteman ki rezonab, ou dwe mande sa, nou rezève dwa pou mande dokiman sou andikap lokatè a pou jistifye ajisteman ou mande a ak rezon ki fè ajisteman an nesesè. Nou pa nan obligasyon pou n bay kòm yon ajisteman rezonab yon sèvis nou pa bay nan pwopriyete a oswa pou yon moun ki pa yon lokatè pwopriyete a.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

NEWTON HOUSING AUTHORITY
82 Lincoln Street
Newton Highlands, MA 02461
Telefòn: (617) 552-5501 | Faks: (617) 964-8387

Sipleman Aplikasyon pou Viktim Vyolans Domestik

Otorite Lojman Newton (NHA) posede plizyè inite lojman Seksyon 8 ki baze sou pwojè, kote lis datant yo bay fanmi ki san kay epi ki viktim vyolans domestik yon preferans. Si ou kalifye dapre definisyon Lwa sou Prevansyon Abi a* (G.L. c. 209A, §1), tanpri ranpli sipleman sa a pou aplikasyon ou an.

1. Èske ou menm, aplikan an, san kay? HUD defini “san kay” kòm yon moun oswa yon fanmi ki pa gen yon kote ki an sekirite e ki estab pou dòmi lannwit; moun oswa fanmi ki pral pèdi kote yo rete; moun oswa fanmi ki antre nan kategori federal pou moun ki san kay; ansanm ak moun oswa fanmi k ap chape anba vyolans.
(Tanpri chwazi youn): _____Wi _____Non

2. Èske yo te refere ou menm, aplikan an, pa The Second Step?
(Tanpri chwazi youn): _____Wi _____Non

3. Èske ou menm, aplikan an, oswa yon manm nan kay ou se yon viktim abi jan Lwa sou Prevansyon Abi a defini li?*
(Tanpri chwazi youn): _____Wi _____Non

4. Akoz abi a, èske ou menm (aplikan an) te oblije kite kote ou t ap viv la, oswa èske ou pral oblije kite li byento dirèkteman akoz abi a?
(Tanpri chwazi youn): _____Wi _____Non

Non aplikan an: _____

Siyati aplikan an: _____

Dat: _____

*Lwa sou Prevansyon Abi a defini “abi” kòm lè youn oswa plizyè nan zak sa yo fèt ant “manm fanmi oswa moun k ap viv nan menm kay”:
a. Eseye lakòz oswa lakòz domaj fizik.
b. Fè yon lòt moun pè li pral sibi gwo domaj fizik ki ka rive imedyatman.
c. Fòse yon lòt moun antre nan relasyon seksyèl san volonte li, avèk fòs, menas oswa presyon.
d. Kontwòl pa fòs oswa presyon (pa egzanp, prive yon moun de bezwen debaz li yo, siveyans, abi finansye, oswa entimidasyon ak menas).

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY